

LENTERA

L&K ggang penggalih nampi T&E ntrem

RAhayu

(Beristirahat sejenak menerima damai sejahtera)

Edisi Juli 2025



UNTUK KALANGAN SENDIRI

BAHAN PA GKJ Bejiharjo

Diterbitkan oleh:

Bidang PWG GKJ Bejiharjo

BAHAN PA 30 JUNI – 5 JULI 2025

(Bahan bisa disesuaikan dengan waktu pelaksanaan tiap wilayah)

- 1. Wekdal Ening**
- 2. Pepujen (Kidung katata manut ingkang nenuntun PA)**
- 3. Pandonga**
- 4. Pamaosing Kitab Suci: Pangandharing Toret 7:1-11**
- 5. Renungan**

“Nyinau Mangertosi Dhawuh Numpes”

Nalika bangsa Israel badhe lumebet ing tanah Kanaan, sayektosipun Kanaan sanes tanah ingkang kosong ananging wonten pendhudhukipun. Ayat 2 nyerat “...padha koktumpes babar pisan.” Temtu kapireng nggejurisi sanget awit Gusti Allah paring dhawuh numpes tiyang sanes. Kadospundi kita saged mangertosi dhawuhipun Gusti punika?

Waosan kita punika wonten ing konteks zaman ingkang asring sinebat Asia Barat Daya Kuno (Mesopotamia, Kanaan, Mesir, Asyur, Isp). Rikala semanten, bangsa-bangsa sami nelukaken sanesipun boten namung amargi politik, ananging karana mitadosi bilih dewa-dewanipun utawi ilah-ilahipun sami paring dhawuh kinen nelukaken satunggaling tanah utawi bangsa. Pramila, ingkang naminipun perang ing zaman semanten dados ekspresi gesang religius sanesipun minangka tumindak politik lan militer. Awit saking punika ugi, perang sayektosipun limrah kelampahan, kepara menawi menang, dados tetenger bilih ilah utawi dewanipun tetela langkung kiyat lan ampuh tinimbang sanesipun.

Ing kawontenan kados mekaten umat Israel mijil minangka bangsa sasampunipun medal saking tanah Mesir. Cara pikiripun, tumindakipun, kalebet *gaya bahasa*-nipun boten uwal saking “*donya*” rikala semanten. Sayektosipun kathah seratan kuno sanesipun ingkang ngginakaken ukara kados ing ayat 2 kalawau “*katumpes babar pisan*”, sinaosa panaliten arkeologi ing tembe nedahaken bilih kasunyatanipun boten katumpes babar pisan. Punika nedahaken bilih kathah bangsa rikala semanten kalebet Israel, ngginakaken *gaya bahasa* ingkang sinebat *hiperbolik*. Tegesipun, numpes babar pisan sanes harafiah nyedani kathah tiyang, ananging minangka cara nelakaken bilih bangsa sanes sampun sawetahipun katelukaken, dadosa ing bab budayanipun, agaminipun, adat, panguaos, Isp. Kabukti kadosdene Rahab (pawestri Kanaan) ingkang kawilujengaken, saha Rut (pawestri Moab) ingkang benjangipun lumebet dados leluhuripun Sang Mesih.

Dhawuhipun Gusti kiné numpes punika sanes amargi Gusti sengit kaliyan bangsa sanes (*rasis*), ananging amargi iman lan kasetyan umat dhateng Panjenenganipun kedah dipun jagi. Bangsa-bangsa Kanaan punika gadhah tata cara gesang ingkang awon ing paningalipun Gusti: kurban lare, ritual erotis, saha panyembahing brahala. Mila dhawuhipun Gusti sayektosipun sanes kiné nyirnakaken nyawa, ananging prentah supados ngrubuhaken lan nyinkiraken *sistem nilai*, tata gesang, lan pangibadah ingkang nyimpang. Katandhesaken ing ayat 3-5. Lumantar dhawuh punika, Gusti ngersakaken supados bangsa Israel boten pikantuk pengaruh awon, langkung-langkung boten katut dados nyimpang lan mbalela dhumateng Panjenenganipun. Allah setya dhateng umat (ay. 8-9), dene umat kedah setya ugi dhateng Allah (ay. 11). Awit saking punika, cariyos antawis bangsa Israel lan Gusti Allah ing Prajanjian Lami boten nate saged kapisahaken utawi tansah sambung rapet kaliyan prasetyan ingkang sampun kaiket saderengipun.

Kita ing zaman sapunika boten malih tinimbalan numpes asanes satata fisik utawi nyirnakaken nyawa. Kita gesang ing pepadhangipun Allah lumantar sih tresna lan sih pangapura ing pakaryanipun Sang Kristus. Mila, Pangandharing Toret 7 boten saged kaginakaken minangka pirantos kange ngleresaken kekerasan atas nami agami. Ewa semanten dhasar rohaniahipun taksih kedah dipun lampahi, punapa punika? Supados kita mbudidaya numpes bab-bab ingkang ngrisak iman kapitadosan kita. Gusti nimbali kita sanes numpes manungsa, ananging sakathahing brahala zaman punika, serakah, raos sengit, egoisme, materialisme, korupsi, pikiran awon, lsp. Kanthi mekaten, dados pratandha ugi bilih Gusti ui ngersakaken kita tansah mbudidaya gesang ingkang suci lan leres minangka kagunganipun.

Diskusi:

1. Kadospundi pamanggih panjenengan Gusti Allah ingkang males lan nyirnakaken saben tiyang ingkang sengit dhateng Panjenenganipun (ay. 10)?
2. Kadospundi kita bentenaken antawis kasucen sejati kaliyan fanatismé (*keterikatan yang berlebihan dan tidak rasional*) ingkang nyimpang?
6. **Pepujen (& Pisungsung) (Kidung katata manut ingkang nenuntun PA)**
7. **Pandonga**

BAHAN PA 7 – 12 JULI 2025

(Bahan bisa disesuaikan dengan waktu pelaksanaan tiap wilayah)

1. Wekdal Ening
2. Pepujen (Kidung katata manut ingkang nenuntun PA)
3. Pandonga
4. Pamaosing Kitab Suci: Ayub 2:1-10
5. Renungan

“Kasangsaran Miturut Cariyos Ayub”

Kita mangertos bilih Ayub punika tiyang ingkang mursid lan ajrih asih dhumateng Allah. Ayub boten tumindak awon, ananging ngadhepi momotan lan kasangsaran ingkang ngedab-edabi. Ayub kecalan raja-brana, kecalan lare-lare, lan ugi kesehatanipun. Padhatan mijil pitakenan, punapa adil kados mekaten punika? Kenging punapa tiyang mursid lan sae nandhang sangsara, malah saged ugi ingkang awon gesangipun makmur? Sayektosipun Kitab Ayub kaserat kange ngraos-raosaken bab punika.

Kitab Ayub punika kalebet perangan saking *sastra hikmat* ing Asia Barat Daya Kuno. Seratanipun *puitis*, kathah pasemon, ugi ngginakaken pirembagan ingkang panjang. Kita perlu mangertos bilih Kitab Ayub punika sanes laporan sujarah harafiah, ananging minangka *karya sastra teologis* ingkang ngandharaken kayektosan lumantar pirembagan *eksistensial*. Ringkesipun, sakathahing pitakenan ing sawetahing gesang punika dipun lampahi lumantar proses, sanes dumadakan dumugi ing wangulan *instan* lan sekeca. Ing zaman punika, wonten pamanggih bilih kasangsaran punika akibat saking dosa, wondene karaharjan utawi kemakmuran punika tandha karenan ing ngarsanipun Gusti. Ingkang kados mekaten asring sinebat *teologi retribusi*. Ayub, nggugat pamanggih punika.

Ing waosan kita kalawau, wonten wawan rembag antawis Allah lan Iblis. Tembungipun *ha-satan*, ingkang tegesipun “*pendakwa*” / “*penuduh*” lan punika benten kaliyan pangertosan Iblis wonten ing Prajanjian Anyar. *Ha-satan* miturut pamanggih rikala semanten boten mesti awon, ananging minangka perangan saking tatanan ilahi ingkang nguji manungsa lan tetep wonten ing sangandhapipun panguwaosipun Allah. Ateges, boten saged tumindak langkung tebih saking dados dhawuhipun Allah. Miturut katrangan kalawau, Allah ngeparengaken Ayub dipun uji. Tujuwanipun sanes kange nyiksa Ayub, ananging kange nedahaken bilih iman sejati boten gumantung kaliyan berkah kajasmanen kemawon. Mila punika dados pameleh dhateng teologi retribusi

utawi transaksional kalawau, inggih punika nembe pitados menawi sadangunipun gesang diberkahi.

Ing paningalipun Kitab Ayub, Allah boten nitahaken kasangsaran ananging ngeparengaken kasangsaran kalampahan. Sebab tanpa kasangsaran, iman kapitadosan dereng saged kadadar kanthi saestu. Panci boten wonten katrangan cetha kenging punapa tiyang saged nandhang sangsara. Ananging ingkang wonten inggih punika proses *pergumulan, dialog*, lan wusana *perjumpuan pribadi* kaliyan Gusti Allah. Kita ningali bilih Ayub pinaringan kebebasan sesambat, nyuwun pirsa, kalebet nggugat saha protes. Allah boten duka kaliyan Ayub ngengingi bab punika, malah duka dhateng para sakabatipun. Punika nandhesaken bilih *bergumul* lan nyuwun pirsa, kepara nggugat punika sanes tandha iman ingkang nglokro, ananging mratandhani iman ingkang tuwuh saya diwasa.

Kitab Ayub paring piwucal bilih Allah boten saged kita reh lan kita mangertosi satata *hitam-putih*. Allah kebak ing katresnan, ananging boten ateges bebas saking momotan. Allah saestu Mahakuwaos, ananging logika manungsa boten saged sawetahipun mangertosi panguwaosipun. Ing wusana Allah mangsuli Ayub boten klawan wangulan ingkang logis lan cetha, ananging kanthi nedahaken panguwaosipun ingkang kapratelaken ing jagad punika. Allah boten ngremehaken Ayub, ananging nedahaken bilih kasangsaran boten mesti saged dipun jlentrehaken mawi rumus. Gesang punika sanes namung bab itung-itungan berkat, ananging bab kapitadosan lan gesang sumuyud dhateng Allah ingkang langkung ageng saking pikiran manungsa. Ayub panci boten nampi wangulan ingkang logis, ananging pinanggih kaliyan Allah, tepang kaliyan Allah, ngraosaken panguwaosipun satat pribadi lan celak, Ayub kapulihaken. Sanes amargi pikantuk wangulan, ananging karana pinanggih Allah ingkang mengku samubarang ing gesangipun.

Diskusi:

1. Piwucal kadospunapa ingkang panjenengan pethik saking cariyos Ayub ingkang saged panjenengan cagaken ing gesang panjenengan pribadi?
2. Kadospundi miturut panjenengan bab sesambat, nyuwun pirsa, kepara nggugat dhateng Gusti Allah?
6. **Pepujen (& Pisungsung) (Kidung katata manut ingkang nenuntun PA)**
7. **Pandonga**

BAHAN PA 14 - 19 JULI 2025

(Bahan bisa disesuaikan dengan waktu pelaksanaan tiap wilayah)

1. Wekdal Ening
2. Pepujen (Kidung kataata manut ingkang nenuntun PA)
3. Pandonga
4. Pamaosing Kitab Suci: 1 Para Raja 12:1-24
5. Renungan

“Pecahe Karajan Israel”

Karajan Israel nate digdaya nalika kapimpin dening Prabu Dawud lan Prabu Suleman. Ananging sasedanipun Prabu Suleman, Karajan Israel pecah. Ing suwaliking sadaya punika, wonten *bom waktu*, arupi tumindak boten adil, beya ingkang inggil, panyambut damel ingkang kalangkung awrat.

Sasampunipun Prabu Suleman seda, Rehabeam putranipun badhe dipun jumenengaken minangka ratu dening tiyang Israel. Rakyat ugi atur panyuwun supados ngirangi sadaya tanggelan ingkang kalangkung awrat duk rikala sugengipun Prabu Suleman. Kanyata Rehabeam langkung mirengaken para rencangipun lan malah ngancam dhateng rakyat badhe dipun damel saya awrat malih. Tumindakipun Rehabeam punika dados jalaran pecahipun rakyat. Sedasa suku ing ler inggih punika Ruben, Simeon, Dan, Naftali, Gad, Asyer, Isakhar, Zebulon, Efraim, lan Manasye nampik Rehabeam lan jumenengaken Yerobeam minangka ratunipun. Namung suku Yehuda lan sawetawis Benyamin (ing kidul) tetep setya dhateng dinasti Prabu Dawud. Mila mijil kalih Karajan, inggih Karajan Israel wonten sisih ler saha Karajan Yehuda wonten ing kidul.

Sayektosipun karajan pecah limrah kalampah ing Asia Barat Daya Kuno. Salah satunggaling sebabipun inggih rakyat ingkang boten marem lan rumaos para panguwaos sami boten adil. Ananging pecahipun Israel boten amargi bab politik kemawon, panyerat 1 Para Raja ningali bab punika saking sisih iman kapitadosan. Pecahipun Karajan Israel punika kawwas minangka akibat saking dosanipun Prabu Suleman (1 Para Raja 11:9-13). Piyambakipun nguja panyembahing brahala, semah saking tiyang sanes Israel ugi kathah sanget, ingkang baken nerak punapa ingkang dados dahuhipun Allah. Allah sampun nate ngenegetaken bilih Karajan Israel badhe pecah sinaosa boten ing zamanipun amargi karesnanipun Gusti dhateng Prabu Dawud. Mila pecahipun Karajan Israel punika boten kemawon amargi politik ingkang gagal, ananging ugi minangka tumindakipun Gusti Allah nelakaken kaadilan. Allah

boten badhe ngendelaken sakathahing panerak, mligi ngengingi prasetyan, sinaosa punika saking ratu ingkang kapiji piyambak dening Panjenenganipun. Ewa semanten, boten ateges sihipun Gusti ical babar pisan dhateng umatipun.

Cariyos pecahipun Karajan Israel dados kaca benggala kangge pasamuwanipun Gusti ing sadaya wekdal lan papan. Dadosa para pemimpin punapa dene ingkang sanes pemimpin, menawi sami mangkotaken manah, nguja tumindak boten adil, nindes tiyang sanes, naminipun dredah punapa dene pecah boten mokal saged kalampahan. Gusti Allah punci kebak ing kesabaran, ananging Panjenenganipun boten ngendelaken sakathahing tumindak boten adil saha ingkang nyleweng saking karsanipun. Kados mekaten kaadilaipun Allah.

Sayektosipun patunggilan ingkang nyawiji punika boten kemawon namung bab organisasi, ananging ugi minangka wohing karohanen amargi setya bekti dhumateng Gusti. Kadangkala naminipun crah punika kedadosanipun amargi kathah bab awon ingkang kapendhem dangu sanget lan dipun kendelaken. Pramila wigatos sanget para pasamuwanipun Gusti punika mbudidaya mbangun gesang patunggilan ingkang jujur satunggal lan satunggalipun, sami sumadya sangkul-sinangkul nanggel samukawisipun tansah sareng-sareng.

Diskusi:

1. Kadospundi kita mangertosi bab Allah ingkang tetep makarya sinaosa umatipun saweg dredah lan pecah?
2. Kita minangka patunggilan temtu anggadhahi potensi ngalami crah kadosdene cariyos punika. Lajeng kadospundi prayoginipun miturut panjenengan?

6. Pepujen (& Pisungsung) (Kidung katata manut ingkang nenuntun PA)

7. Pandonga

BAHAN PA 21 - 26 JULI 2025

(Bahan bisa disesuaikan dengan waktu pelaksanaan tiap wilayah)

- 1. Wekdal Ening**
- 2. Pepujen (Kidung katata manut ingkang nenuntun PA)**
- 3. Pandonga**
- 4. Pamaosing Kitab Suci: 1 Samuel 15:2-3, 9-11, 22-23, 28-29, & 35**
- 5. Renungan**

“Allah Kaduwung”

Kaping kalih sinebat bilih Allah kaduwung (ay. 11 & 35). Punapa inggih lan kadospundi Allah ingkang Mahakuwaos lan Mahapirsa lepat keputusanipun saha saged kaduwung? Mila kita perlu nyinau mangertos ikrangan-ikrangan ingkang mbiyantu kita manggihaken makna ingkang sayektosipun.

Amalek sanes bangsa biasa. Rikala umat Israel saweg medal saking tanah Mesir, bangsa Amalek merangi saking wingking (Pangentasan 17:8-16 & PT 7:17-19). Kanthi mekaten, bangsa Amalek sinebat bangsa ingkang nampik lan nglawan dhateng rancangan kawilujengan ingkang katindakaken dening Gusti Allah. Mila bangsa Amalek ados pralambang mengsa ageng dhateng umatipun Allah. Kados ingkang sampun kita sinau sesarengan, perang rikala semanten boten namung tumindak politis ananging ugi religius. Pramila paukuman dhateng Amalek punika sanes *balas dendam*, ananging wujud njunjung kaadilan lan damel murni umatipun Allah.

Dhawuhipun Allah sampun cetha supados katumpes babar pisan. Punika sanes bab kekerasan tanpa sebab, ananging minangka ujian pambangun turut dhumateng Allah. Allah paring dhawuh mboten mendhet punapa-punapa saking Amalek sayektosipun minangka pepiling bilih perang punika kagunganipun Allah, sanes kange kapentingan pribadi lan ekonomi. Emanipun Prabu Saul nerak pepakenipun Allah. Pemimpin Amalek inggih Prabu Agag boten katumpes, mekaten ugi jarahan perangipun boten resik dipun singkiraken. Linangkung, Prabu Saul selak kanthi munjuk bilih sadaya punika badhe kapisungsungaken dhumateng Allah. Mila lajeng Nabi Samuel melehaken ing ayat 22 & 23, langkung wigatos pambangun turut tinimbang *ritual kosong*.

Kacariyosaken Allah kaduwung. Tembung ingkang kaginakaken inggih punika *nakham* ingkang tegesipun sanes klenyu mendhet keputusan, ananging nedahaken raosing manah wontenipun bab ingkang natoni sesambutan.

Wonten ing *sastra Ibrani* tembung punika nggamaraken raos sedhih lan kuciwa saking pehak ingkang kaiket ing prasetyan nalika pehak sanes tumindak cidra utawi mblenjani. Kanthi mekaten, lelampahan punika nedahakan bilih Allah punika pribadi ingkang kagungan perasaan, lumebet ing sujarah gesangipun manungsa, lan nalika umatipun gagal, Allah saestu ngraosaken “sedhih” kalawau. Awit saking punika, kaduwungipun Allah nandhesaken bilih Allah punika *relasional*, saestu nengenaken kasetyan ing salebeting sesambutan, lan emanipun umat malah cidra.

Saking sadaya punika kacetha bilih ngabekti lumantar ritual punika perlu lan wigatos, ananging kedah dipun kantheni pambahang turut sejati dhumateng Allah. Kita sami ningali bilih Allah punika pribadi ingkang kagungan perasaan. Panjenenganipun tetep peduli nalika umatipun gagal. Kaduwungipun Allah kalawau mratelakken kadospundi lebetipun sih katresnanipun saha kadospundi Panjenenganipun satuhu ngrimati sesambutan kaliyan umat kagunganipun.

Diskusi:

1. Prabu Saul sayektosipun tetep nindakaken “sawetawis” dhawuhipun Gusti, kenging punapa tetep kaanggep mboten mbangun turut?
 2. Punapa maknanipun kangge panjenengan menawi Allah “kaduwung” dhateng panjenengan?
- 6. Pepujen (& Pisungsung) (Kidung katata manut ingkang nenuntun PA)**
- 7. Pandonga**

BAHAN PA 28 JULI – 2 AGUSTUS 2025

(*Bahan bisa disesuaikan dengan waktu pelaksanaan tiap wilayah*)

1. Wekdal Ening
2. Pepujen (Kidung katata manut ingkang nenuntun PA)
3. Pandonga
4. Pamaosing Kitab Suci: Rum 9:1-8
5. Renungan

“Israel ing Alkitab lan Israel Minangka Negari Wekdal Punika”

Wekdal-wekdal punika kita ningali konflik utawi perang bab “Israel” wonten ing media. Kadangkala wonten tiyang ingkang enggal-enggal nggathukaken Israel modern punika kaliyan cariyos ing Alkitab. Malah ugi wonten ingkang rumaos wajib nyengkuyung lan mehak “Israel” amargi dipun anggep minangka bangsa pilihanipun Allah. Ananging punapa Israel minangka negari wekdal punika (Israel modern) sami kaliyan Israel wonten ing Kitab Suci?

Wonten ing Prajanjian Lami, Israel punika nami ingkang kaparingaken dhateng Yakub (PD 32:28), lan saking tedhak turunipun lair kalih welas bani Israel. Sadaya sami tinimbalan lan piniji dados umat prasetyanipun Allah lumantar Musa wonten ing redi Sinai (Pangentasan 19), nampeni angger-anggering Toret, lan kaparingan tanah prajanjian. Pramila Israel punika boten namung minangka kelompok etnis, ananging ugi patunggilan ingkang dumados adedhasar sesambutan prasetyanipun Gusti Allah. Ananging sujarahipun boten sadaya kalampah sae. Wonten pambalela, panyembahing brahala, pecahipun karajan dados kalih, kalah wonten ing paparangan kaliyan bangsa sanes, ngantos lumbet ing pangawulan Babel.

Israel modern punika jumeneng negari ing warsa 1948 minangka wohing politik Zionisme, inggih punika pambudidaya bangsa Yahudi kangge manthuk dhateng tanah leluhur sasampunipun dangu gesang minangka *diaspora* ing negari sanes lan tragedi *Holocaust*. Sisih sanes, ugi saking keputusan politik internasional PBB (Perserikatan Bangsa-Bangsa). Israel modern punika negari sekuler ingkang mayoritas pendhudhukipun panci Yahudi, ananging boten sadaya minangka Yahudi religius. Kathah ingkang ngrumaosi dhiri minangka peranganipun Yahudi saking sisih kabudayan lan bangsa, ananging sanes saking sisih iman punapa dene angger-anggering Toret. Mila lampahing pamarentahan sanes adedhasar agami lan Toret, ananging pranatan hukum kadosdene bangsa-bangsa demokrasi sanesipun. Ewa semanten, taksih wonten ugi kelompok Yahudi ingkang setya dhateng Toret (Yahudi Ortodoks).

Kelompok punika gesang sesarengan kaliyang ingkang sekluer (boten nindakaken pranatan agami, boten ngibadah ing sinagoge). Sesambutanipun boten mesti sae, kadangkala wonten konflik horizontal antawis kelompok agami lan kelompok sekuler punika. Milanipun, Israel modern punika sanes *kelanjutan langsung* saking Israel Prajanjian wonten ing Kitab Suci. Israel modern punika negari ingkang ngangge sistem politik, militer, ekonomi sami kadosdene negari sanes.

Miturut waosan kalawau, Paulus nandhesaken bilih boten sadaya ingkang satata lair asalipun saking Israel punika minangka Israel Seajti (ay. 6). Ingkang sinebat “Israel sejati” punika tiyang-tiyang ingkang gesang ing salebeting iman kapitadosan dhumateng Allah, kalebet bangsa-bangsa sanes Yahudi ingkang pitados dhumateng Sang Kristus. Linandhesan Injil, umatipun Allah boten winates satata etnis lan nasional kemawon, ananging dumados dening iman lan pambangan turut dhumateng Sang Kristus. Mila, Israel Kitab Suci punika minangka umat prajanjian ingkang tinarbuka kangge sadaya bangsa, boten *ekslusif* satata nasional utawi satunggaling negari kemawon.

Awit saking punika minangka umat Kristen, kita perlu mbentenaken antawis Israel ing Kitab Suci lan Israel modern ing politik donya sapunika. Kita boten saged sembarangan maringi makna teologis kados-kados ingkang katindakaken dening Israel modern punika pikantuk restu saking Allah. Suwalikipun, kita tansah perlu *kritis*, adil, lan peduli dhateng *hak asasi manusia*, kalebet dhateng sadaya kasangsaran kelompok ingkang wonten ing salebeting konflik. Kita minangka gereja, katimbalan boten kinen nggentosi Israel, ananging kangge mujudaken sariranipun Sang Kristus ingkang tinarbuka kangge sadaya tiyang pitados. Kita perlu mujudaken bedhamen, kaadilan, lan raos urmat dhateng *martabat* sadaya bangsa, dadosa Israel, Palestina, Isp. Injil Kristus punika kangge sadaya umat manungsa, lan sihipun Allah boten winates dening satunggaling kelompok utawi negari.

Diskusi:

Mboten wonten pitakenan diskusi. Ananging tetep tinarbuka kagge sami mundhut pirsa, paring katrangan tambahan, kalebet andhum pengalaman iman linandhesan sabdanipun Gusti dinten punika, punapa dene sadaya ingkang sampun kita pirengaken ing wekdal kawuri. Mugia dados sarana kagge sami ngiyataken satunggal lan satunggalipun, nuwuhaken pangajeng-ajeng, saha ngraketaken patunggilan.

6. Pepujen (& Pisungsung) (Kidung katata manut ingkang nenuntun PA) 7. Pandonga

